



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMARAJ PWOJÈ DEVLOPMAN PLIZYÈ IZAJ 20 MILYON DOLA NAN ANBA LAVIL NIAGARA FALLS

Otèl Cambria ki gen 120 chanm nan Niagara Falls ap de pa ak Pak Eta Niagara Falls ki selèb mondyalman

Gade foto Otèl Cambria nan Niagara Falls [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te poze baz Otèl Cambria a nan Niagara Falls, yon pati nan pwojè devlopman plizyè izaj pou plis pase 20 milyon dola. Mak otèl wo gam sèt etaj, 120 chanm lan, k ap sitiye sou Boulva Rainbow la, genyen ladan l tou twa nouvo imèb rezidansyèl sou Buffalo Avenue. Ouvèti otèl la kowenside ak yon sezon ete enteresan ki te planifye nan Pak Eta New York, Old Falls Street ak atravè rejyon an apre Eklips Solè Total la nan dat 8 avril 2024. Otèl Cambria a nan Niagara Falls te devlope pa Plati Niagara Inc., ki posede tou yon Wingate gwoup Wyndham nan Niagara Falls. Gade foto Otèl Cambria nan Niagara Falls [isit la](#).

"Niagara Falls atire plizyè milyon moun atravè mond lan, sa ki fè li youn nan destinasyon touristik ke yo pi vizite nan New York, epi vil istorik la ap prepare pou yon sezon ete enteresan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ak nouvo Otèl Cambria a nan Niagara Falls la ki ouvri kounye a, destinasyon klas mondyal sa a franchi yon lòt etap nan direksyon pou ogmante eksperyans vizitè a epi pèmèt rejyon an montre pi byen bote natirèl li yo ak tout sa li gen pou ofri."

Otèl la, ki sitiye nan 311 Rainbow Boulevard nan anba lavil Niagara Falls, nan de pa sèlman de Pak Eta Niagara Falls ki selèb mondyalman an, ki akeyi nèf milyon vizitè chak ane. Envite yo ap kapab pwofite atraksyon popilè ki pèmèt vizitè yo pi pre Chit yo, ke yo desann nan Gòj Niagara a nan Kav Van yo oswa lè yo vizite Santral Elektrik Robert Moses Niagara ki toupre a pou obsève kijan Chit yo sèvi kòm yon sous enèji idwoelektrik. Yo ka pwomne tou sou Old Falls Street ak Third Street pou vizite magazen ak restoran yo. Eta New York pran angajman pou l kenbe Niagara Falls kòm yon sant touris klas mondyal ak pòtay Eta New York. Avèk konstriksyon pi bon ekipman akomodasyon nan kategori a, efò eta a ap fè li pi fasil pou rejyon an montre bote li pou vizitè ki sòti nan tout pwent mond lan. Nwit total otèl nan anba lavil Niagara Falls te wè yon ogmantasyon 14 pousan soti nan 2021 pou rive nan 2023, pandan ke pousantaj lokatè yo te ogmante de 8 pousan pou menm peryòd tan an.

Ko-Pwopriyetè Plati Niagara Inc. Frank Strangio te deklare, "Nou kontan anpil pou nou ouvri pòt Cambria Niagara Falls epi akeyi envite yo pou yo fè eksperyans melanj cham lokal nou an ak ekipman wo gam yo. Kòm yon fanmi ki pwofondman anrasinen nan kominote a, nou pran yon fyète otantik nan kreye eksperyans memorab pou chak nan envite nou yo. Nouvo antrepriz sa a reprezante kontribisyon enb nou an nan kominote vibran Niagara Falls la, epi nou pa ka tann pou pataje li avèk ou."

Otèl Cambria Niagara Falls ap prezante enstalasyon wo gam ki atire vwayajè modèn, ki enkli:

- Espas andedan ak deyò pou travay pwodiktif ak relaksasyon.
- Konsepsyon ak dekorasyon ki enspire lokalman, k ap reflekte pèsonalite inik zòn ki antoure a.
- Sal vizitè kontanporan epi sofistike, ki konplete ak desen ki gen enstalasyon limyè, ekleraj abondan ak kabann ki soup.
- Saldeben imèsiv nan estil spa ki gen miwa Bluetooth.
- Ba ak restoran ki prezante manje ki fèk fèt, byè atizanal lokal nan an tiyo, ven, ak kòktèl espesyalite, ansanm ak opsyon pou anpòte.
- Espas rankont ak evènman plizyè fonksyon.
- Sant fitnès modèn.

Pwojè sa a ajoute tou imèb rezidansyèl ki konplete karaktè istorik Distri Eritaj Buffalo Avenue an. USA Niagara Development Corporation (USAN), yon filyal Empire State Development (ESD), ap fasilite pwojè ki prezève epi/oswa enplike ranplisaj sou tout Buffalo Avenue an, ki sitiye nan pati nò Rivyè Niagara a toupre pòsyon "Riverway" Pak Eta a. Apatman yo ap retabli yon blòk rezidansyèl nan Buffalo Avenue an ant Third ak Fourth street, kote se sèl yon estrikti rezidansyèl ki rete kounye a. Inite a sitiye tou sou 305 Buffalo Avenue, yon pòsyon ke Eta New York te achte nan kad Pwogram Akizisyon Teren Estratejik (Strategic Land Acquisition Program) li a, kote yon nouvo santye/eskalye koneksyon pou ale nan rivyè a te ouvè nan prentan 2021 an.

USAN ap angaje 1.7 milyon dola nan pwojè sa, konfòm ak apwobasyon Konsèy Direksyon USAN lan apre finisyon pwojè a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nouvo Otèl Cambria Niagara Falls la, ki te devlope pa fanmi Strangio, pral akeyi vizitè toupatou nan mond lan nan yon mèvèy natirèl ikonik, pandan l ap revigore yon twonson enpòtan nan distri rezidansyèl istorik Buffalo Avenue an. Pwojè tankou sa a ede satisfè bezwen pi plis bon jan kalite lojman anba lavil, kreye nouvo djòb epi fè li pi fasil pou rejyon an montre bote li bay vizitè ki soti toupatou nan mond lan."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Nouvo otèl Cambria a pral kontinye elaji atirans Niagara Falls kòm yon destinasyon pou vakans epi bay vizitè yo yon eksperyans ki pi wo pase nwit lan. Makonnen ak atraksyon lokal ki soti nan Pak Eta Niagara Falls ak woulib nan bato ki pi

popilè Maid of the Mist li a ak eksperyans Cave of the Winds, nan sit istorik tankou Underground Railroad Heritage Center (Sant Eritaj Wout Anba Tè), rive nan eksperyans an fanmi tankou Akwaryòm Niagara, otèl la se dènye egzanp jan li fasil pou renmen New York ak rejyon Greater Niagara."

Majistra Vil Niagara Falls Robert Restaino te deklare, "Investisman kontinyèl nan sant vil nou an pa eta ak patnè lokal yo tankou fanmi Strangio a se yon siy konfyans yo akeyi nan kominote Niagara Falls la. Avèk ouvèti Otèl Cambria Niagara Falls, vil la gen kounye a yon lòt mak otèl wo gam pou ofri vizitè yo ki fè plan pou vwayaje nan Niagara Falls ak rejyon ki antoure a. Nou apresye sipò Gouvènè Hochul pou pwojè sa a."

Senatè Eta a Rob Ortt te deklare, "Otèl Cambria a pral ofri akomodasyon prensipal nan kè Niagara Falls, sa ki atire plis vizitè nan zòn nou an epi amelyore sejou yo pandan y ap jwi panorama ak son Niagara Falls, boutik lokal nou yo, restoran, ak anpil lòt biznis tou. Òf inik otèl sa a ansanm ak pwopriyetè lokal yo pral fè yon gwo adisyon nan kominote Niagara Falls nou an."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Li enteresan pou m temwen ouvèti yon lòt otèl nan anba lavil Niagara Falls. Ogmantasyon ak amelyorasyon kalite sèvis ki gen rapò ak Ospitalite a pral gen yon enpak pozitif kontinye sou endistri touris la. Mèsi Gouvènè Hochul, ESD ak fanmi Strangio pou volonte yo pou kontinye investi nan bèl vil nou an."

Gouvènè Hochul te sipòte ak priyore endistri touris New York la – youn nan motè ekonomik kle eta a. Eta New York te resevwa 291.5 milyon vizitè an 2022, pi gwo kantite vizitè nan istwa Eta New York, ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk ak 123 milya dola nan enpak ekonomik total apre investisman istorik Gouvènè a nan touris, devlopman ekonomik, sekirite piblik, transpò ak lòt sektè kle. Gouvènè a te anonse nouvo efò maketing I LOVE NY pou ankouraje vwayaj atravè Eta New York, ki gen ladan kanpay espesyalize ki mete aksan sou istwa rich ak eritaj eta a alantou kilti Nwa, bezbòl ak hip hop. An 2023, Eta New York te akòde plis pase 30 milyon dola finansman bay patnè touristik atravè eta a pou maketing touris ak pwojè kapital yo. Gouvènè a te lanse pake rekiperyasyon "Tounen ak Touris, Tounen ak Djòb" pou sipòte travayè endistri vwayaj yo, pwogram sipò pou ti biznis yo epi pote nouvo evènman ki inik nan Eta New York.

Depi 2011, Eta New York te alwe ak investi plis pase 385 milyon dola nan Vil Niagara Falls nan yon efò konekte pou reyalize epi devlope benefis ekonomik ak vizit chak ane. Investisman yo enkli: modènizasyon Pak Eta Niagara Falls; efò revitalizasyon ki enkli sis nouvo otèl ak restorasyon Old Falls Street, ak amelyorasyon peyizaj sou lòt ri nan anba lavil yo, ak pwogram akizisyon ki mansyone anwo a pou fasilite devlopman plizyè izaj. Anplis, eta a te konplete retrè senk kilomèt nan ansyen Pak Robert Moses k ap pote transfòmasyon an, k ap kreye yon espas vè 67 ekta tou dwat, ki konplètman aksesib sou Anlè Rivyè Niagara ak Gòj Niagara a. Yo te deziyen Nò Ri Prensipal la tou yon gayan Inisyativ Revitalizasyon Anba Labil (Downtown Revitalization Initiative) Eta NY epi l ap ekspwate Pak yo retire a ak investisman nan Sant Eritaj Wout Anba Tè ak

Estasyon Tren Chit Niagara a pou rekreye yon distri biznis solid ki rekonekte ak Gòj Niagara a.

Enfòmasyon sou Plati Niagara Inc.

Plati Niagara Inc. se yon konpayi devlopman ke ganmi Strangio posede, ki enkli otelye ansyen militè Antonio, Frank ak Anthony Strangio. Fanmi Strangio a gen yon rekò solid nan mache ospitalite a nan Niagara Falls, epi yo dirije aktyèlman Wingate gwoup Wyndham ak Quality Inn nan vil la. Avèk prèske 30 lane eksperyans nan sektè ospitalite a, fanmi Strangio a enplike anpil nan kominote lokal la epi yo fyè de Niagara Falls, vil natal yo, epi yo fyè pou fèpati redemaraj vil la.

Enfòmasyon sou Devlopman Kòporasyon Niagara USA (USA Niagara Development Corporation)

USAN, yon sikisal Empire State Development, la sèlman pou l sipòte ak fè pwomosyon inisyativ devlopman ekonomik nan Niagara Falls grasa mobilizasyon envestisman prive ak ankourajman kwasans ak renouvèlman sektè touris la nan Vil Niagara Falls. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)